

BASA SUNDA DI LINGKUNGAN PKK

ku

Dra. Nunuy Nurjanah, M.Pd.

**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS PENDIDIKAN BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS PENDIDIKAN INDONESIA**

2001

BASA SUNDA DI LINGKUNGAN PKK

A. BUBUKA

Salaku mahluk sosial manusa teu bisa dipisahkeun tina perkara komunikasi. Komunikasi kacida diperlukeun ku manusa. Malah dina sagala perkara manusa mah gumantung kana komunikasi. Nurutkeun para ahli, 90% kagiatan manusa dilakukeun ngaliwatan komunikasi (Susanto, 1974 : 2).

Basa teh mangrupa pakakas komunikasi sarta eusi komunikasi. Ku kituna, kamampuh ngagunakeun basa teh kacida pentingna. Patali jeung ieu hal Yus Rusyana netelakeun “Ku kamampuh basa anu minim, tanwande loba anu jadi seuseut, da kapan dina tingkatan pangwangunan anu beuki luhur, perlu ku tingkat maham jeung tingkat ngebrehkeun pikiran anu eces tur perele (1988:3).”

Basa Sunda mangrupa basa anu turun-tumurun aya di Jawa Barat sarta ku lantaran kitu, geus ngabogaan tradisi anu ngakar di masarakat. Dina mangsa ayeuna basa Sunda ngabogaan potensi pikeun pakakas komunikasi pangwangunan keur balarea.

Ibu-ibu PKK di Derah Jawa Barat oge di daerah sejenna boga peran anu kacida pentingna dina pangwangunan. Ku kituna perlu pisan ayana tarekah pikeun ningkatkeun kamampuh ngagunakeun basa Sunda, boh anu sipatna formal boh anu nonformal supaya basana bener-bener komunikatif.

B. BASA KOMUNIKATIF

Basa teh mangrupa sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh entep seureuhna (sistematis) tur ragam (konvensional) antaranggota masarakatna pikeun tujuan komunikasi. Wangenan sejenna nyebutkeun yen basa teh mangrupa sistem atawa lambang anu ngagambarkeun pikiran jeung omongan manusa (Sudaryat, 1991:3-4).

Fungsi basa teh rupa-rupa. Aya genep fungsi basa nyaeta (1) fungsi emotif, (2) fungsi konatif, (3) fungsi kognitif, (4) fungsi patis, (5) fungsi imajinatif, jeung (6) fungsi metabasa. Fungsi emotif nyaeta fungsi basa anu raket patalina jeung panyatur; gunana pikeun ngebrehkeun rasa, pikiran, tur kahayang panyaturna. Fungsi konatif nyaeta fungsi basa anu raket patalina jeung paregep; gunana pikeun nimbulkeun responsi ka paregep; tujuanana bisa ngajak, mangaruhan, nitah, nyaram, nanya, mapatahan, jeung saterusna. Fungsi kognitif nyaeta fungsi basa anu raket patalina jeung konteks atawa objek nu dicaritakeun; gunana pikeun ngagambarkeun dunya luar basa kayaning ngulik, ngadadarkeun, jeung medar elmu pangaweruh. Fungsi patis nyaeta fungsi basa anu raket patalina jeung kontak interaksi; gunana pikeun nepungkeun panyatur jrung paregep geusan ngajaga tali silaturahmi, silihajenan tur silihormat. Fungsi imajinatif nyaeta fungsi basa anu raket patalina jeung amanat omongan minangka makena basa jadi lambang kaendahan. Fungsi metabasa nyaeta fungsi basa anu raket patalina jeung lambang basa; gunana pikeun maluruh basa sorangan.

Ngagunakeun basa teh gumantung kana variabel-variabel ieu di handap.

a. Waktu (hal naon bae nu meunang robah jeung naon nu henteu meunang robah).

- b. Lokasi geografis atawa tempat (kumaha pacorokna basa lulugu jeung basa wewengkon).
- c. Struktur sosial (kumaha paradigma struktur sosial manusa Sunda ti jaman ka jaman, saluhureun, sasama, sahandapeun; dikotomi menak-cacah, gegeden-rahayat, wawuh-teu wawuh, jst.).
- d. Topik atawa jejer (jejer naon anu anyar muncul, upamana wae kumaha adegan basa Sunda anu dipake dina widang ilmu matematika, kimia, agama, seni, jst.).
- e. Suasana, kaasup situasi (kumaha jenglangan basa Sunda resmi, basa Sunda teu resmi).
- f. Power jeung social status (kumaha adegan ka saluhureun, ka sasama, ka sahandapeun).
- g. Role relationship jeung solidarity (kumaha adegan basa Sunda ka nu dianggap sagolongan, ka nu wawuh jeung ka nu teu wawuh, ka nu katalian ku pancakaki jeung ka deungeun-deungeun).

Komponen-komponen ieu pisan anu nangtukeun panyatur basa Sunda sangkan bisa milih jeung make ragam atawa variasi basa anu cocog, luyu, merenah, hade, tur bener. Tina kituna, proses komunikasi bakal lumangsung kalawan komunikatif.

Pola kabiasaan make basa anu bener tur merenah bakal muncul lamun eta basa dipake dina komunikasi tur interaksi antarpanyaturna dibarengan ku rasa simpati, resep, reueus, tur hormat nepi ka bisa ngahudang kesan endah, anggun, lemes, luwes, satria, sportif, jeung tilawat. Sabalikna, makena basa anu kotor bisa numuwuhkeun rasa garihal, kasar, handapna budi, brokbrokna mental, samalah bisa megatkeun tali mimitran jeung komunikasi. Ku kituna, tatakrama basa teh pohara pentingna dina hirup kumbuh manusa mah. Ari sababna, komunikasi bakal lumangsung kalawan lancar upama para pangaturna nitenan tur ngukuhan tatakrama basa.

Dina prakna dilarapkeun, tatakrama basa teh salawasna tumali jeung konteks sosial budaya urang Sunda. Ari kituna mah kaharti, sabab basa teh gambaran kahirupan kabudayaan anu makena ,”basa teh ciciren bangsa”. Jaba ti eta, tatakrama basa Sunda mangrupa karakteristik tina wangunan prilaku sosial masarakat Sunda. Cindekna, tatakrama basa Sunda nyaeta hiji sistem makena rineka basa Sunda (lemes.....wajar.....kasar) anu tumali jeung kakawasaan (power), kalungguhan (status relatif), lomana (solidarity), sarta patalina antarpanyatur, jeung nu dicaritakeun.

Dina konteks kagiatan PKK tinangtu teu lepas tina tatakrama ngagunakeun basa Sunda. Tatakrama basa Sunda nyaeta padika sopan santun makena basa Sunda anu disaluyuan atawa dirageman ku anggota masarakatna waktu campur gaul, gunana pikeun silih hormat tur silihajenan. Tatakrama basa Sunda umumna sok disebut undak-usuk basa Sunda anu mangrupa tahap-tahap basa. Tim penggerak PKK di masarakat Sunda tinangtu dipiharep bisa ngagunakeun ieu tatakrama , boh dina situasi formal (resmi) boh dina situasi teu formal (teu resmi).

Geura ieu titenan conto-conto makena basa Sunda dina komunikasi anu situasina nonformal (henteu resmi).

a. Ngabageakeun Salaki

Pamajikan:”Engkang, nembe sumping?”

Salaki :”Ih, geus ti tatadi.”

Pamajikan:”Damel naon heula atuh?”

Salaki :”Ieu keur ngayun-ngayun heula orok, geus aya dua jamna ceurik”

Pamajikan:”Har, naha da orok mah ieu nuju disusuan ku abdi.”

b. Ngabageakeun Semah

Pribumi: "Aeh-aeh bagea ! Ti mana ampleng-amplengan teuing, tos lami pisan urang teu tepang?"

Semah : "Yaktos, aya bae manawi tilu taun mah ."

Pribumi: "Naha ti mana atuh ngalalana teh ?"

Semah : "Tebih, teras masantren ka Bunikasih."

Pribumi: "Euleuh, sukur teuing. Nyai! Gentak geura nyangu, ieu aya dulur akang jaman di pasantren! Mangga calik! Waas nya kang, baheula jamana urang ngaliwet!"

Semah: "Yaktos asa jadi daging harita mah, sing sarua nikmat. Sanes bet tos poek, hoyong ka cai akang mah."

Pribumi: "Mangga ka dieu bae ka pipir angkatna."

Pribumi awewe tuluy nyokot beas anu ngan kari sakobokan deui kitu ge keur isukan. Niatna rek ngisikan. Lantaran keuheul ka nu jadi salaki, ngelek boboko teh bari ngutruk.

Ari semah tea kumisan sarupa pisan jeung pribumi, harita keur cingogo di nu rada poek. Disangkana ku pamajikan pribumi teh salakina, jol disampeurkeun bae bari dijenggutan kumisna sarta ngomong haharewosan," Naha keur teu boga beas make di-sina dahar semah teh?"

Ki semah teu ngajawab ngan leos bae indit teu bebeja-bebeja acan.

c. Ngabantu Kulawarga

Rama:”Umar! Ku sabab ayeuna usum sakieu tigratna, jadi sabisa-bisa kudu ngurangan ongkos-ongkos . Mama ti waktu ayeuna deuk eureun udud sigaret, Ibu oge sina eureun nyeupah make kapol jeung cengkeh, cik ari Umar deuk ngabantu ngurangan naon?”

Umar:” Kantenan abdi oge bade ngabantu ngorot-ngorot ongkos supaya teu abot teuing, ti semet dinten enjing abdi moal ka sakola.”

d. Nanya ka Bawahan

Juragan wadana sumping ka kantor, mariksa ka juru tulis.

Juragan wadana:”Keur digawe naon ayeuna ,Ulis?”

Juru tulis: “Nuju teu aya damel ayeuna mah, sadayana parantos beres.”

Juragan wadana tuluy mariksa ka hansip anu keur teu digawe.

Juragan Wadana: ”Maneh keur digawe naon ,Hansip?”

Hansip (gugup): ” Sumuhun dawuh nuju mantuan juru tulis, kaulanun.”

C. PANUTUP

Fungsi utama Basa Sunda nyaeta salaku pakakas komunikasi. Tegesna, keur nepikeun eusi pikiran, rasa, kahayang, jeung sarupaning pamaksudan ka nu lian ku sistem lambang sora anu arbitrer.

Dina kanyataannana basa Sunda teh dipake pikeun ngayakeun komunikasi jeung jalma sejen, nepikeun informasi faktual ka nu lian, jeung ngagambarkeun suasana rasa dina

kahirupan sapopoe saperti kanyaah/kadeudeuh, kaendahan, kasedih/katunggara, kaadilan, kareueus, kacangcaya, karesep, kaijid, kahemeng, kayakinan, jeung saterusna.

Unggal-unggal laku basa anu dipilih ku panyatur salawasna kapangaruhan ku paktor-paktor (1). saha nu nyarita, saha nu dibawa nyarita , jeung saha nu dicaritakeun; (2) keur naon tujuanana;(3) dina situasi anu kumaha resmi atawa teu resmi;(4) kumaha konteksna; (5) make jalur mana; (6) naon mediana; jeung(6) dina kajadian anu kumaha.

D. DAFTAR PUSTAKA

- Alwasilah, A Ch. (1986). *Sosiologi Bahasa*. Bandung: Angkasa.
- Jahi, A.(peny.). *Komunikasi Massa dan Pembangunan Pedesaan di Negara-negara Dunia Ketiga: Suatu Pengantar*. Jakarta: PT Gramedia.
- Nababan, P.W.J., (1986). *Sosiolinguistik Suatu Pengantar*. Jakarta: PT Gramedia.
- N.N. (1986). *Landong Baeud*. Bandung: Pustaka Karsa Sunda.
- Nurjanah, N. (1990). *Kecap-Kecap nu Ilahar Dipake dina Komunikasi Pangwangunan Disawang tina Lebah Kaperluan Ngariksa jeung Mekakeun Basa Sunda katut Pangajaran Kandaga Kecap, "Skripsi."* Jurusan Pendidikan Basa Daerah FPBS IKIP Bandung
- Sudaryat, Y.. (1991). *Pedaran Basa Sunda*. Bandung: CV Geger Sunten.
- Suryalaga, H, R. (1993). *Etika jeung Tatakrama*. Bandung : CV Geger Sunten
- Susanto, A. S. (1997). *Komunikasi dalam Teori dan Praktek* . Bandung: PT Rindang Mukti.
- Suwito. (1983). *Pengantar Awal Sosiolinguistik : Teori dan Problema*. Surakarta: Henry Offset.
- Yudibrata, K.. spk. (1990). *Bagbagan Makena Basa Sunda*. Bandung: Rahmat Cijulang.